[redacted]

ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNC

General Certificate of Education Ordinary Level

# SHONA LANGUAGE

4007/2

PAPER 2: Mashandisirwo eMutauro, Misambo yeMutauro neMaumbirwo eMutauro

Nguva: Maaw

**JUNE 2024 SESSION**

Additional materials:
Answer booklet

## RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiw papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Ukashandisa mapepa anodarika **rimwe**, asunganidze pamwe chete.

## ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu cher izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

MATHS GUARDIOLA +447852954215

## CHIKAMU I: MASHANDISIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

1. Ipa tsananguro mbiri painzwi rimwe nerimwe, uchiburitsa zviviri zvakasiyana zvinoreva inzwi racho. Sarudza manzwi **mashanu**.

   **Muenzaniso**: **ziya**

   **(i)** kuneta muviri nekuda kwenzara

   **(ii)** mvura inobuda pamuviri womunhu nokuda kwekutsva kana kurwara

   **(a)** kamba (1)

   **(b)** doro (1)

   **(c)** rima (1)

   **(d)** dura (1)

   **(e)** tsoro (1)

   **(f)** mota (1)

   **(g)** tandadza (1)
   [5]

2. Sarudza madimikira **mashanu** chete kubva pane anotevera ugoumba zvirevo zvinoburitsa pachena zvaanoreva.

   **(a)** kuva nebapu regwai (1)

   **(b)** kuita chisodzimate (1)

   **(c)** kumira negumbo rimwe (1)

   **(d)** kuita bete rawira mumukaka (1)

   **(e)** kuzvisikira moto muziso (1)

   **(f)** kutsenga mvura (1)

   **(g)** kubereka tsoka (1)

   **(h)** kuridza ngoma nedemo (1)

   **(i)** kuita bveguyo nehuyo (1)

Stel Infinity 9
2024.06.24 09:26



© Zimsec 20

MATHS GUARDIOLA +447852954215

— — — — — — — — —



(j) kurovera shaya pasi (1)

[5]

**3.** Zadzisa tsumo dzinotevera. Sarudza **shanu** chete kubva pane dzakapihwa.

**(a)** ______________wati nhunzi dzikudye. (1)

**(b)** ______________mapapata aro mangani? (1)

**(c)** ______________tsvimborume kubvisa mwana wemvana madzihwa. (1)

**(d)** ______________haatongerwi mhosva asipo. (1)

**(e)** ______________chakwidza hamba mumuti. (1)

**(f)** ______________iri muriva inoti gore rawa. (1)

**(g)** ______________chembere kutumwa mutsago naishe svikei yopereka nendiro. (1)

[5]

**4.** Umba fananidzo kubva pamanzwi anotevera, ugodzishandisa muzvirevo zvakanaka.

Sarudza manzwi **mashanu** chete.

Muenzaniso: tsuro

Mhinduro: Tatenda anomhanya setsuro.

**(a)** uchi (1)

**(b)** mwenga (1)

**(c)** bete (1)

**(d)** chidembo (1)

**(e)** mhiripiri (1)

**(f)** mheni (1)

**(g)** tsito (1)

**(h)** [illegible] (1)

[5]

Gtel Infinity 9
2024.06.24 09:27

MATHS GUARDIOLA +447852954215

## CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

**5.** Verenga nhaurwa dzinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi peimwe neimwe yadzo.

**(a)** *Tazvida paakamukira kunotema matanda ake, akasangana namai Runyararo ndokutanga amutsana navo asati aenderera mberi.*

Tazvida: *(Akachonjomara parutivi rwenzira.)* Mamuka seiko nhai Mhazi?

VaRunyararo:*(Vakagwadama kune rumwe rutivi.)*Tarara Mufakose kana mararawo.

Tazvida: Tarara zvedu Mhazi, varume venyu ndivo varara vachingovhunduka-vhunduka usiku hwose kumba uku.

**(i)** Musambo upi uri kushandiswa panhaurwa iri pamusoro? (1)

**(ii)** Ukamai huri pakati pevanhu vari kuuchirana? (1)

**(iii)** Ndezvipi **zviviri** zviri munhaurwa zvinotaridza kuremekedzana pakati pevaviri ava? (2)

[4]

**(b)** *Vakatandara zvavo muimba yavakapiwa pamusha paVaMoyo, vachisekedzana.*

John: Unoziva here kuti vanhu vakaita sewe Sandra kana ndikakupiwa pachena handimbofa ndakakutambira.

Sandra: Iye anga achikudaiwo ndiani? Iye mukoma wangu akakudai, mukaroorana, tiri kumuseka chaizvo.

**(i)** Musambo upi uri kushandiswa munhaurwa iyi? (1)

**(ii)** Ukamai huri pakati pevanhu vari kukurukura? Tsigira mhinduro yako. (1)

**(iii)** Kunyangwe musambo uyu uchiitwa pese pese panosangana vanoushandisa, ndepapi pausina kukodzera kuitwa? (1)

[3]

Gtel Infinity 9
2024.06.24 09:27

MATHS GUARDIOLA +447852954215

**(c)** *Jokonia akange ave kusvika kwasekuru vake kwaakashanya kuti anovataridza mudzimai wake. Madzimai amadzisekuru ake akamuona achisvika vagere pamumvuri. Akanzwa votaura vakananga iye vachidaidzira.*

Mukadzi 1: Vasikana hameno uyo anenge Jokonia ari kuuya kuno.

Mukadzi 2: Anenge iye, ndinofunga ari kumashure ndirwo rukadzi rwake rwaari kunzi akaroora. Zvapasina nezvemukadzi nhai.

Jokonia: Kudaro zvenyu asi munongozviona kuti mukadzi wangu akanaka kudarika mose.(*Akadaro achitoseka zvake.*) Hanzvadzi yamai vangu yaipfimba yakatsunzunya chokwadi.

(i) Taura musambo uri kushandiswa apa? (1)

(ii) Kushanya kwaJokonia nomudzimai wake vachangoroorana kwaivabatsira sei pakumisa imba yavo? Doma **zviviri** chete. (2)
[3]

## CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu** muchikamu chino.

**6.** Nyatsoongorora zvikwata zvamazita zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pasi.

| **chokutanga** | **chechipiri** | **chechitatu** | **chechina** | **chechishanu** |
|---|---|---|---|---|
| mweni | svinga | ruware | upenzi | varimi |
| mwaka | svombonoro | ruva | hwema | vatete |
| mwana | svosve | rwenga | huruva | varemba |

(a) Sarudza zita rimwe chete risingawirirani nemamwe muchikwata choga choga. (5)

(b) Ipa chikonzero chaita kuti uti zita rawasarudza ndiro risingawirirani nemamwe pachikwata choga choga. (5)
[10]

**7.** (a) Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.

VaGadzingo vaka͟famba nomusango vachienda kumusha kwavo. Vakasvika runyanhiriri, vakawana vanakomana vavo vakarara. Nehasha, VaGadzingo vakarova vana vavo zvikuru nomubhadha wavo. Thomas akanzwika achi͟chema somwana, ach͟itiza.

Kubva muchidimbu chawaverenga, nyurura zvidudzirachiito **zvishanu** chete zvakashandiswa. (5)

Gtel Infinity 9
2024.06.24 09:27



[Enda kuseri

MATHS GUARDIOLA +447852954215

**(b)** Nyora zita rechidudzirachiito chimwe nechimwe chawanyora pa**(a)**. (5)
[10]

**8.** Tsanangura shanduko yavepo pazvinorehwa muchirevo nokushandiswa kwerebeso muchiito chechipiri.

**(a)** **(i)** Vana vakadya nhopi vakanzwa mudumbu.

**(ii)** Vana vakadyisa nhopi vakanzwa mudumbu. (2)

**(b)** **(i)** Mombe dzakatunga dzimwe dzikabuda ropa.

**(ii)** Mombe dzakatungana dzikabuda ropa. (2)

**(c)** **(i)** Ambuya vakaroya muzukuru wavo.

**(ii)** Ambuya vakaroyonora muzukuru wavo. (2)

**(d)** **(i)** Vasikana vakatsvaira marara panze.

**(ii)** Vasikana vakatsvairira marara panze. (2)

**(e)** **(i)** Vabereki vake vakatenga imba yakanaka.

**(ii)** Vabereki vake vakamutengera imba yakanaka. (2)
[10]

Gtel Infinity 9
2024.06.24 09:28

9. Zadzisa tafura iyi sezvinodiwa.

| **zita** | **chipauro** | **chirevauwandu** |
|---|---|---|
| baba | | |
| chikoro | | |
| svisikana | | |
| zigadzi | | |
| muriwo | | |

[1

MATHS GUARDIOLA +447852954215